**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

Қарақалпақ әдебияты кафедрасы

«Бердақ таныў» қәнигелиги пәни бойынша

# лекция тексти

Нөкис - 2010 жыл

тема: **Бердақ дөретпелериниң жыйналыўы, басып шығарылыўы, изертлениўи (30-80-жыллар)**

**Жобасы:** Кирисиў: Бердақ таныў илиминиң мақсети ҳәм ўазыйпалары.

Бердақ дөретпелериниң дәслепки жыллардағы изертленип үйренилиўи, шығармаларының баспада жәрияланыўы:

Бердақ дөретпелериниң 50-жыллардағы изертлениўи, айырым қәте көз қарастағы мийнетлер, шайыр мийрасларын дурыс бағдарда, илимий тийкарларда түсиндириў;

Бердақ шығармалары бойынша жақланған кандидатлық диссертациялар, илимий монографиялық изертлеўлер, китаплар мийнетлер;

Бердақ дөретпелериниң 70-80- жыллардағы изертлениўи.

Бердақ таныў курсының баслы мақсети уллы классик шайырымыздың бизге қалдырған бай әдебий мийрасларын көздиң қарашығындай қәстерлеп үйрениў, оның дөретиўшилик жолын кең түрде өзлестириў, оның өзине тән болған сүўретлеў шеберлигин, стилин, XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятында тутқан орнын белгилеў, ол руўхый азық алған миллий дәреклерди анықластырыў, шығармаларын бирме-бир жаңа көз қарасларда таллап үйрениў, түсиниўден ибарат болып табылады. Бердақ шайырдың қарақалпақ халқының классик шайыры, миллий әдебий мийраслардың дөретиўшиси, үлкен ағартыўшы, энциклопедист билимданлығы, өз халқының тарийхын жазған миллий тарийхшы екенлиги ҳәр тәреплеме изертленип үйрениледи. Жәнеде Бердақ ҳаққында усы дәўирге шекем жазылған мийнетлердиң саны 300 ден аслам, мине сол илмий мийнетлерди, изертлеўлерди ҳәзирги дәўир көз-қарасларынан талқылап үйрениў, Бердақ шығармаларының түп нусқасына кеўил бөлиў, топламлардың текстологиясын тексериў айрықша алға қойылады.

1997-жылы XIX әсир қарақалпақ классик әдебиятының тийкарын салыўшы, шайыр Бердақ Ғарғабай улының туўылғанына 170 жыл толыў сәнесин пүткил Өзбекстанымыз бойлап кеңнен белгилеў ҳүрметли Президентимиз Ислам Каримовтың қоллап қуўатлаўында, Министрлер кабинетинде мақуллап қарар шығарылып баспада жәрияланды, оны барлық жерлерде талқылаў алға қойылды. Усы бағдарда Ташкентте вокзалда Бердақтың естелиги орнатылды, Қарақалпақ мәмлекети университети қасынан Бердақ музейи арнаўлы түрде бой дүзеди. Булардың барлығы Бердақ шайырдың уллы адам болғанлығын, шығыс халықлары әдебиятын, мәдениятын кеңнен меңгерип оны раўажландырыўға үлес қосқанлығын, келешек әўладларды илимге, билимге, ана Ўатанды қәстерлеўге, миллий өзгешеликлерди билиўге, халықты, елди сүйип жасаўға тәрбиялаўда, халықлар дослығын беккемлеўге айырықша ат салысқан жоқары дәрежели инсан болғанлығын дәлийллеўге қаратылған ислер болып есапланады.

Бердақ бойынша кең түрде шуғылланған, кандидатлық ҳәм докторлық диссертацияларды жазған белгили алым, филология илимлериниң докторы, марҳум Айдар Муртазаев былай жазған еди: «Бир нәрсе бизлердиң ҳәммемизди өкиндириуге тийисли. Ол да болса, әдебияттағы улыўма классикалық мийрасларымызды, фольклорларымызды, искусствомызды, миллий тәбийий (оригинал) нусқасында ретке келтирип, оларға еркин бийғәрез қалыс пикирлер айтып, изертлеўлер жүргизе алмағанымыз. Бердақтың шығармалары усы бағдарларда көп зыян көргенлиги мәлим. Буннан былайғы бизлердиң ҳәм келешек әўладтың усы олқылықты толықтырыў бас ўазыйпасы болмағы зәрүр.» («Бердақ шығармаларында заманагөйлик ҳәм шеберлик» Нөкис, 1993, 14-15 бетлер). Дурысында да миллий мийрасларымызды қәдирлеў ҳәм қәстерлеў, оларды түп нусқасында қайта тиклеп, шайырдың шығармалары ҳаққындағы барлық көз-қарасларды, усы дәўирге шекемги илимий пикирлерди терең сын (критикалық) көз-қарасларда ҳәр тәреплеме үйрениуге туўра келеди. Бердақтың мийрасларын терең билиў менен қарақалпақ халқының бай әдебий, мәдений өмирин, турмыс өзгешеликлерин, миллийлигин, дәстүр, үрп-әдетлерин кеңнен билиў бул пәнниң негизги ўазыйпалары болып есапланады. Бердақтың өзине тән жаңашыллығын ашыў, оның халықлар тарийхы менен байланыслы жазба реалистлик дәстанларды дөретиў айрықшалықлары пүткил шығыс дүньясы ҳәм батыс философиясы, ислам дини ой-пикирлерин айқын өзлестириў бағдарлары студентлер менен курс жумысларын, баянатлар жазыў, шығармаларын оқып таллаў жасаў арқалы терең үйрениў ўазыйпа етип қойылады. Сондай-ақ Бердақтың еле изертленбей атырған өзгешеликлерине кеўил аўдарыў оны изертлеп үйрениуге бағдар бериў, бул бойынша диплом жумыслары, бакалавриат питкериў жумыслары, магистрлик диссертацияға, кандидатлық диссертацияларға да темалар белгилеў алға қойылады.

Бердақ Ғарғабай улы 1827-жылы туўылып, 1900-жылы 73 жасында қайтыс болған. Бердақтың рас аты - Бердимурат. Бердақ оның әдебияттағы лақабы. Бердақ қарақалпақ халқының «Қоңырат» арысының «Қолдаўлы» урыўынан. Ол өзиниң өмириниң көпшилигин Қарақалпақстанның арқа тәрепи - Арал теңизиниң түслик жақларында өткерген. Оның жайлаған жери ҳәзирги Қараөзек, Бозатаў, Мойнақ районы аймақлары, әсиресе оның көп жүрген жерлери Ақдәрья, Аққала деген жерлер. Бул мағлыўматлар Бердақтың qorq-жылы шыққан биринши қосықлар топламына сөз басын жазған Артық Шамуратов, Асан Бегимовлардың айтқанлары. Бердақ шығармаларын биринши рет изертлеўшилер Н. Дәўқараев, Қаллы Айымбетов, О.Кожуров, И.Сағыйтовлар болды. Н. Дәўқараев өзиниң изертлеўинде «Бердақ Қарғабай улы» деген темада кең түрде пикир айтады. (3-томында 89-150-бетке шекем). Бунда ол «Бердақтың өмир баяны жөнинде», «Бердақтың дәўири», «Бердақтың көркем тили» деген илимий бағдарларда кең түсиник жазған. Н.Дәўқараев өзине шекемги

жазылған барлық илимий мақалаларда қәте-кемшиликлердиң көп екенлигин атап көрсетеди (96-97-бетлер). Демек 50-жылларға шекемги барлық жазылған мақала, мийнетлерди критикалық көз-қараста қарап шығыуға туўра келеди. Усы дәуирге шекемги жәрияланған Бердақтың топламлары да 1950-жылы жәрияланған топламға шекем айырым жерлери өзгертилип, сол дәуир көз-қарасларына байланыстырып жәрияланғанлығын да Н. Дәўқараев айтып кетеди. Н. Дәўқараев Бердақтың поэмалары жөнинде айтқанда «Шежире», «Хорезм» шығармалары ҳәм басқа да поэмалары ҳаққында айтқан, бирақ «Қулен болыс» шығармасы ҳаққында гәп қозғамаған. Н. Дәўқараев Бердақ шығармаларының көркем тили ҳаққында ең жақсы пикирлерин береди.

Белгили алым Қаллы Айымбетов өзиниң «Халық даналығы» (Н-1963,193-196-бетлерде) мийнетинде Бердақ ҳаққында қысқа илимий мағлыўмат береди. Ол Бердақтың Арал теңизиниң түслик жағасы Ақ қала деген мәканда «Қуўлы көл» деген жерде шаруа ҳәм балықшы шаңарағында дүньяға келгенлигин айтады. Ол Бердақтың шайыр ҳәм атақлы бақсы болғанлығын айтқан. Бердақтың бақсышылық жолы еле өз алдына изертлеўди талап етеди. 40-жыллардан баслап Бердақ творчествосы монографиялық бағдарда изертлене баслады. qore-жылы И.Сағыйтовтың «Бердақ уллы патриот шайыр», С. Бассинниң «Бердах шаир - великий поэт патриот» деген китапшалары шықты. 1946-жылы Н. Дәўқараев қарақалпақ әдебияты тарийхы бойынша кандидатлық диссертациясын жақлады. Оның үлкен бөлимин Бердақ творчествосы қурады. Буннан кейин Бердақ творчествосы бойынша кандидатлық диссертация жақлаў бойынша И. Сағыйтов шуғылланып көп мағлыўматлар топлады. И.Сағыйтов Бердақ шайырдың 1950-жылғы топламын шығарыўға айрықша итибар берди. Бул топламға И.Сағыйтов «Қарақалпақ халқының уллы демократ шайыры» деген кең мазмунда алғы сөз жазған. Бул топламға шайырдың «Хорезм» дәстанынан басқа барлық шығармалары кирген. Китаптың ақырында алым Қ. Айымбетов «Бердақтың өмир баяны туўралы мағлыўматлар», «Бердақтың гейпара шығармалары ҳаққында түсиник мағлыўматлар», «Бердақтың шығармаларында ушырасатуғын гейпара адамлардың атлары», «Бердақтың шығармаларында ушырасатуғын гейпара географиялық жердиң атамалары», «Бердақтың шығармаларында ушырасатуғын гейпара сөзлердиң түсиниги» деген илимий мақалаларын жазған. (Бердақ. Таңламалы шығармаларының толық жыйнағы. Н.1950, 3-29-бетлер,406-421-бетлер)

50-жыллардың басында әдебиятшылар менен тарийхшылар арасында Бердақ творчествосын баҳалаўда бир жақламалық, талас-тартыслы, қаралаўшы пикирлер көбейип кетти. Буған баслы себеп А.Савицкийдиң Бердақ творчествосын пүткиллей қаралаўшы, оны диний суфистлик ағымның ўәкили деп табыўшы мақаласы себепши болды.({Звезда Востока» журналы, 1953, Қ12.1954Қ1 «Каракалпакский дневник»). Ол Бердақтың «Хорезм», «Шежире» шығармаларын қаралады, басқа да шығармаларын

динге, кудайға байланыслы жазылған, ҳәзирги дәуирге сай емес деп бийкарлауға урынды. Усындай көз-караслар себепли 50-жылғы топламды да бийкар етиуге ҳәрекет болды. Солай етип 1956-жылғы топламда Бердақтың бираз поэмаларын түсирип қалдырған ҳәм бираз қосықлары редакторланған ҳалында шығарылды. Улыўма Бердақтың түп нусқа шығармалары көп зыян көрди. Усындай көз-карасларға шек қойып, Бердақ творчествосын дурыс илимий көз-караста түсиниў ҳәм түсиндириў ушын кең түрде илимий-теориялық конференция шөлкемлестирилди. Бул конференция 1954-жылы сентябрь айында Нөкис қаласында қарақалпақ тили менен әдебиятының гейпара актуаль мәселелерине бағышланып өткерилди. Бул конференцияға Москва, Ташкент, Фрунзе қалаларынан көрнекли алымлар-профессор Н.А.Баскаков, проф. К.Юдахин ҳәм басқалар қатнасты. Бул конференцияда И.Сағыйтов Бердақ творчествосын изертлеўдиң аҳўалы ҳәм алдағы ўазыйпалар ҳаққында терең илимий баянат жасады. Усындай көз-карaслардан соң Бердақ творчествосы бир қанша қарама-қарсылықларға ушырап қайта тикленди. Деген менен толық дәрежеде емес еди, бәрибир1956-жылғы шыққан топламға шайырдың ең жақсы поэмалары ҳәм бир қанша қосықлары кирмей қалды. Сонда да 50-жыллардың екинши ярымынан баслап Бердақ творчествосы ҳәр тәреплеме изертлеў объектине айнала баслады. И.Сағыйтов 1958-жылы «Бердақтың творчествосы» деген монографиялық изертлеў жумысын жарыққа шығарды ҳәм усы бағдарда кандидатлық диссертациясын жақлады.

Бул монографияда Бердақтың дөретиўшилиги кең түрде изертленди, оның шығармаларының халықлығы дәлийлленди, бир қанша поэмаларына таллаў жасалды, көркемлик өзгешеликлери көрсетилип берилди, шайыр мийрасларын үйрениў айқын алға қойылды.1962-жылы К.Ф.Вахидовтың «Бердақтың сиясий жәмийетлик көз-карaслары» деген монографиясы Ташкентте басылып шықты. Бунда да Бердақ шығармаларына үлкен халықлық мийрас ретинде илимий таллаў жасалды. 1960-жылы Бердақтың сайланды шығармалары К.Сейтмурадов тәрепинен аўдарылып түркмен тилинде шықты.

Қарақалпақ халқының тарийхы менен әдебиятын терең изертлеген көрнекли рус илимпазы П.П.Иванов, С.П.Толстов, Е.Э.Бертельс, Н.А.Баскаков, К.К.Юдахин ҳәм басқалар Бердақ шығармаларына жоқары баҳалар берди. Белгили өзбек жазыўшылары Хамид “улам менен Асқад Мухтар «Дружба народов» журналында басылған өзлериниң мақаласында «Қазақ - Абай, түркмен - Махтымқулы, қарақалпақ - Бердақ Орта Азия даласының үш жарық жулдызлары» деп баҳалаған.

Ал академик Марат Нурмухамедов` «Пушкин - рус халқы, Шевченко - украин халқы, Руставели - грузин халқы, Наўайы - өзбек халқы, Абай - қазақ халқы, Махтымқулы - түркмен халықлары ушын қандай қәдирли болса, Бердақ та қарақалпақ халқы ушын сондай қәдирли. Бердақ - қарақалпақ классикалық әдебиятының шыңы» деп оғада жоқары баҳалады.

Бердақ шайырдың атағы ҳәм шығармалары халық арасында белгили болса да, кең таралса да, оның шығармаларын жыйнаў, жазып алыў жумыслары тийкарынан 20-жыллардың ақыры, 30-жыллардың басынан баслап қолға алына баслады. Уллы шайырдың бай материалларын жыйнаў өткен дәўирдеги жалпы халықтың мәдений мийрасларын жыйнаў менен тығыз байланыста еди. Елимиздиң Бердақ сыяқлы сөз зергерлериниң мийрасларын жыйнаўда жергиликли илимпазлар менен бирге орыс алымлары да көп хызмет етти. Қарақалпақ фольклорының ҳәм классикалық әдебият материалларының жыйналыўында С.Мәўленов пенен Ш.Хожаниязовлар әдиўли жумыс иследи. Олар аўылма-аўыл жүрип Бердақ шайырды көрген, билген, еситкен адамлардан оның шығармаларын жазып алды.

Сондай-ақ шайыр шығармаларының жазба түрдеги нусқалары да табылды. 1933-1934-жылларда қарақалпақ комплексли илим-изертлеў институтының миллет мәденияты секторының баслығы, проф. А.А.Соколов басшылығында Шымбай, Тахтакөпир районларының аймағында жасаўшы қарақалпақларға экспедиция шөлкемлестириледи. Бул экспедиция ўақтында да классик шайырлардың соның ишинде Бердақтың көплеген шығармалары жазып алынды. әсиресе Бердақтың дөретпелерин жыйнаўда бақсы, қыссаханлардың хызмети оғада күшли болды. Ўатандарлық урыс жылларында миллий мийрасларды жыйнаў бираз үзилиске түсти. Урыстан соң 1949-жылы Мойнақ, Қоңырат, Шымбай, Тахтакөпир районларының аймақларына тек Бердақ шайырдың дөретпелерин жыйнаў бойынша экспедиция шөлкемлестирилди. Бул гезектеги экспедиция ўақытларында Бердақ шайырдың өмирине ҳәм дөретпелерине байланыслы көп материаллар жыйналды.

1930-жылдан баслап халқымыздың миллий мийрасларын баспа сөзде дағазалаў басланды. әсиресе, қарақалпақ халқының уллы шайыры Бердақ Ғарғабай улының творчествосына айрықша кеўил бөлинди. Өйткени, шайырдың қосықларын баспа сөзде жәрияламай турып, оның дөретиўшилик жетискенликлерин кең халық қатламына жеткериў ҳәм уллы шайыр туўралы илимий пикир жүргизиў мүмкин емес еди. Бердақ шығармаларын басып шығарыў мәселесинде1934-жылы Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының I съезди үлкен әҳмийетке ийе болды. Сол ўақыттағы «Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы» журналының Қу санынан баслап Бердақ шайырдың бир қанша қосықлары ҳәм «Ақмақ патша» дәстанынан үзиндилер жәрияланып барылды. 1940-жылы Орынбек Кожуровтың таярлаўында «Қарақалпақ аўыз әдебиятының түрлери» атлы еки китапша баспадан шығып, булар тек Бердақ шайыр творчествосына арналған.[1] Усы китапша арқалы Бердақ шайырды оқыўшы журтшылық классик әдебияттың ең ири тулғасы сыпатында тән алды. Соның менен бирге пүткил жәмийетшиликтиң кеўилин өзине қаратты. Бул китапшаның

---

[1] Пахратдинов Ә. Бердақ шайыр творчествосының жыйналыўы, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1990,21-бет.

шығыўының және бир әҳмийетли жағы соған шекемги ҳәр қыйлы түсиникте жүрген пикирлерден аласлаған болса, екинши тәрептен Бердақты үйрениўшилердиң саны көбейди. Бул китапшада шайырдың өз ҳаўазы, оның халықлық, демократиялық, гуманистлик ойларының және бир тәрепи ашылады. 1940-жылы «Қарақалпақ халық творчествосы» деген үлкен китап жәрияланды.[1] Бул китапта тек Бердақ шайыр ғана емес, ал аўызеки халық творчествосы менен бирге сол дәўирде басқа классик шайырлардың да шығармалары киргизилген еди. Бирақ сондай болса да Бердақ творчествосына кең орын берилип, оның ири көлемли поэмалары «Ерназар бий», «Шежире», «Ақмақ патша» дәстанлары киргизилген.

1941-жылы Тил ҳәм әдебият институты тәрепинен Бердақ шайырдың биринши рет таңламалы жыйнағы басылып шықты.[2] Китаптың алғы сөзинде А.Шамуратов, А.Бегимовлар Бердақ шайыр ҳаққында көп ғана мағлыўматлар берген. Бунда майда лирикалық қосықларынан басқа «Шежире», «Хорезм», «Амангелди», «Ерназар бий» ҳәм «Ақмақ патша» дәстанлары орын алған. Бердақ шайыр шығармаларының таңламалыларынан кейин илимий жәмийетшилигимиз тәрепинен шайыр дөретпелери жекке илимий изертлеў объектине айланып кетти. Буларға мысал ретинде С.Бассинниң «Бердах великий поэт-патриот»[3], И.Сағитовтың «Бердақ уллы патриот шайыр»[4], Н.Дәўқараевтың «Бердақ шайыр»[5] атлы илимий жумысларын көриўимизге болады. Бул илимпазлар халық аўзында жүрген аңыз әңгимелер тийкарында ҳәм өзлерине шекем жәрияланып келген алымлардың пикирлери менен есапласқан ҳалда шайыр дөретпелериниң ашылмай атырған тәреплерин ашыўға ериседи. әсиресе, Бассин ҳәм Н.Дәўқараевлардың жүргизген илимий изертлеў жумысларында шайыр дөретпелериниң әжайып сырлары ашылады. Мине, булардың барлығына шайырдың 1941-жылы шыққан таңламалы шығармалар жыйнағы себепши болады.

1950-жылы Бердақ шайырдың таңламалы шығармаларының толық жыйнағы және басылып шығады.[6] Буны Өзбекстан Илимлер Академиясы, экономика ҳәм мәдeният илим изертлеў институты биргеликте шығарды. Шайырдың бул топламының бурынғы топламлардан өзгешелиги киши көлемдеги шығармаларынан тысқары «Зулым патша», «Еркебай» дәстанлары, сондай-ақ шайырдың өмирине байланыслы көп ғана материаллар берилген. Топлам алым И.Сағитовтың «Қарақалпақ халқының уллы демократ шайыры» деген кең мазмундағы кирис сөзи менен басланады. Бердақ дөретпелериниң баспадан шығарылыўы оқыўшы жәмийетшиликтиң кеўилин бурынғыдан да бетер өзине аўдарды. 1957-жылы шайырдың туўылғанына 130 жыл толыў мерекеси республикамыз

[1] Қарақалпақ халық творчествосы. Төрткүл, ҚҚМБ. 1940.
[2] Бердақ. Толық жыйнақ. ҚҚМБ.Төрткүл, 1941-жыл.
[3] Бассин С. Бердах великий поэт-патриот. Нукус, ККГиз, 1949.Z
[4] Сағитов И. Бердақ уллы патриот шайыр. Нөкис, ҚҚМБ, 1945.
[5] Дәўқараев Н. Бердақ шайыр. Нөкис, ҚҚМБ. 1950.
[6] Бердақ. Таңламалы шығармаларының толық жыйнағы. Нөкис. ҚҚМБ,1950.

көлеминде кең түрде белгиленип өтилди. Бердақ творчествосының уллылығы соннан белгили бул топлам шыққаннан кейин тек әдебиятшы алымлар ғана емес, тарийхшылар[1], педагоглар[2] ҳәм философлар[3] да өзлериниң шайыр дөретпелери бойынша сын пикирлерин билдирген. Тарийхшы М.Тилеўмуратов Бердақ шығармаларының тарийх пенен тиккелей байланыслы екенлигин дәлийллесе, Ж.Орынбаев Бердақ дөретпелериндеги педагогикалық ой-пикирлерди келешек әўлад ушын қалдырып кеткен мийрас ретинде сынға тартты. Ал, философ К.Худайбергенов болса Бердақтың дүньяға көз-қарасы, оның сана сезими, жәҳән философларынан қандай тәжирийбелер топлағанларын кең оқыўшылар жәмийетшилигине алып шықты.

Мине, усының өзи-ақ көрсетип тур, Бердақ шайыр дөретпесине пүткил илимий жәмийетшиликтиң дыққат итибарының оғада күшли екенлигин сезиўимизге болады.

Шайырдың 1941-жылғы шығармалар топламында майда лирикалық қосықлары менен поэмалары жәрияланған. Ал, 1950-жылғы топламында болса бираз қосықларының шуўмақлары қысқартылып берилген. Мәселен, шайырдың 1941-жылғы топламында «Халық ушын» қосығы уг куплет болса, ал 1950-жылғы топламда 10 куплетке қысқартылған. Ал оннан кейинги топламларда болса, оннан да көп қысқартылған ҳалда берилген. Сондай-ақ 1941-жылғы шыққан топламда «Айдос бий» дәстаны менен бирге «Айдос баба» лирикалы қосығы да орын алған. Ал, 1950-жылғы топламда болса, тек «Айдос бий» дәстаны орын алған. Бердақтың 1950-жылғы шыққан топламы И.Сағыйтовтың кирис сөзи менен ашылады. Соны да айтып өтиў керек бул топламда шайырдың өз стилине, оригиналлығына тән шығармалары орын алған. Сол ўақытлардан баслап илимий журтшылықтың өтиниш тилеклерин есапқа ала отырып, Бердақ Ғарғабай улының шығармалары мектеп сабақлығында, жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларына арналған сабақлықларда тынбай орын алып киятыр. Бурын өз миллий баспа сөзи болмаған қарақалпақ халқының Бердақтай шайырларының топламларын жарық көриўи республика жәмийетшилиги ушын үлкен бир қубылыс болды. Бирақ соны да айтып өтиўимиз керек аз санлы халықтың бай әдебияты оның уллы Бердақтай шайырларының бар екенлигин қоңсы халықларда да тән алған. әсиресе шайырдың таңламалы шығармалары шыққаннан кейин халықтың руўхый байлығына, санасына Бердақ шайырды және де таныстырыў ушын алымлар көп мийнет иследи. Сондай-ақ илимий жәмийетшилик Бердақ шайырдың шыққан топламларына ҳәм онда жарық көрген шығармалар әтирапында илимий пикирлер жүргизди.1941-жылғы шыққан топламдағы «Еркебай» дәстанының кирмей қалыў себеби, бул сол жылларда

---

[1] Тилеўмуратов М. Бердақ шайыр шығармаларындағы тарийхый дереклер. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1968.
[2] Орынбаев Ж. Бердақтың жәмийетлик педагогикалық көз-қараслары. Нөкис, Қарақалпақстан. 1978.
[3] Худайбергенов К. Этичесские воззрения каракалпакских мыслителей. Нукус, Изд. Каракалпакстан, 1967.

жүргизилген экспедиция дәўиринде жазып алынбаған болыўы керек. Себеби, халық аўзынан шайырдың көпшилик қосықлары жыйналып алынбаған. Бердақ шығармаларын илимий жәмийетшиликке таныстырыўда көп мийнетлер ислеген алым Н.Дәўқараев болды. Ол қарақалпақ шайырлары творчествосын белгили бир қәлипке салып, сын пикирлерин билдирип кеткен алым болып есапланады. Улыўма айтқанда, Бердақ шайыр творчествосына илимий жәмийетшиликтиң қаратылыўы, бул шайыр шығармаларының оғада қунлы екенлигинен дерек береди. Солай етип, Бердақ шайырдың 1941,1950-жылы шыққан топламлары оғада табыслы шыққанлығын мойынлаймыз. Өйткени сол дәўирлерде (жылларда) пүткил жәмийетшиликтиң кеўилин аўдарыўы бул топламлардың шын мәнисинде жақсы шыққанлығынан дәрек береди. Сондай-ақ шайыр жөнинде ҳәр қыйлы пикирлер ҳәр қыйлы бағдарда жүргизилген жумыслар пайда бола баслады.

## ТЕМА` БЕРДАҚ ШАЙЫР ДӨРЕТПЕЛЕРИНИҢ ИЗЕРТЛЕНИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ.

1938-39-жылларда Бердақ шайырдың шығармалары туўралы баспа сөзде гәп бола баслады. !сиресе, 1939-41жылларда О.Кожуров пенен Қ.Айымбетовтың «Қарақалпақ әдебиятының түрлери» атлы үлкен мақаласында Бердақ шайыр туўралы кең көлемли илимий бағдарда пикирлер айтылды. Шайыр ҳаққында Бассинниң «Бердах шаир - великий поэт-патриот» (1943), И.Сағыйтовтың «Бердақтың творчествосы» (1958) деген брошюралары басылып шықты. Бул изертлеў жумысларында шайырдың жасаў орталығына, Бердақта шайыршылықтың келип шығыў себеплерине ҳәм шығармаларының тарийхқа қатнасына кең түрде тоқтап өтеди. Булардан тысқары бул алымлардың китаплары шығаман дегенше баспа сөзде бирли-жарым мақалалары шайыр дөретпелерине арналып шығып турды. Олардан «Қызыл Қарақалпақстан» газетасының көплеген санларында шайырдың дөретпелерине арналған мақалалар шығып турды. Бердақ шайыр туўралы усы алымлар менен бир қатарда сол жыллары табанлы пикир айтқан Н.Дәўқараев өзиниң «Бердақ шайыр»[1] деген тарийхый изертлеў жумысында Бердақ шайыр дөретпелериниң әдебиятшылар тәрепинен бурын онша сөз болмаған тәреплерин алып шықты. Н.Дәўқараев та, И.Сағыйтов та Бердақ шайырдың {Шежире} шығармасын кең ҳәм ҳәр тәреплеме изертлеў объектине айландырған. Усы шығармаларда Бердақ шайыр дөретпесине ҳәм оның гейпара қосықларына шек келтириўшилер болды. Сонлықтан гейпара жалғаншы нигелистлик топарлар Бердақтың абыройын түсириў ушын оның айырым шығармаларына жаман көз-қарасты берди. Олардан Савицкий Бердақты суфизмниң ўәкили деп қарсы шықты. Өмиринде қарақалпақ әдебияты менен таныспаған, қарақалпақ әдебиятынан хабары жоқ бул адам, яғный Савицкий Бердақты суфизмниң ўәкили деп дәлийллеўге ҳәрекет етти. Пүткил бир миллеттиң маңлайына питкен «Жарық жулдызы» болған Бердақты бундай айыплаўлардан қутқарыў ушын енди оның басқаша жолы келип шықты. Гейпара шығармаларын Бердақтики емес деп алып таслаўға урынды. Буның басқа жолы жоқ еди. Бердақты қоллап қалыў ушын өз жанын қарақалпақ әдебияты ушын сарп еткен, көкирегин қалқан етип ҳадалый пикир айтқан Н.Дәўқараев болды. Бердақтың миллийлик, оқымыслық жақларын ашып бериўге тырысқаны себепли Нәжим Дәўқараев қатты қуўдаланып, руўхый азапланыў ақыбетинде өмирден мезгилсиз көз жумды. Ҳәзирги ўақытта ғәрезсизлик, руўхый еркинлик дәўири басланып, мәдений мийраслар, миллий қадриятларымыз ҳаққындағы ҳақыйқатлық тикленип атыр.[2]

Қаншама дәлийллеўлерге урынбасын Савицкийдиң айтқаны менен халық Бердақтың қосықларын бәри-бир умыта алмады. Өйткени,

---
[1] Дәўқараев Н. Бердақ шайыр. Нөкис, ҚҚМБ. 1950, 7-8-бетлер.
[2] Юсупов И. Әжинияз таңламалы шығармалар жыйнағы. Қараң` Алғы сөзи. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994,12-бет.

Бердақтың қосықлары өз халқының руўхый азығы болып, халық санасынан беккем орын алған еди.

И.Сағыйтов 1958-жылы Бердақтың творчествосы бойынша кандидатлық диссертациясын табыслы қорғап шығады. Ал, 1966-жылы А.Муртазаев Бердақтың «Ақмақ патша» дәстаны бойынша кандидатлық диссертациясын жақлады ҳәм өз алдына китап болып басылып шықты. Усындай илимий изертлеў жумыслар тийкарында Бердақ шайырдың шығармаларын арнаўлы түрде оқытыў мәселелери келип шыға баслады. Нәтийжеде 1972-жылдан баслап дәслеп Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтында, ал кейин ала Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде Бердақтаныў курслары шөлкемлестирилди. әлбетте, булардың барлығы өз-өзинен болған нәрселер емес. Бул бойынша бир неше алымлар бас қатырды. әсиресе, Бердақ таныў курсын арнаўлы курс сыпатында ҳәм буған Бердақ шайырдың творчествосы толығы менен жуўап беретуғынын дәлийллеп, үлкен мәселе етип алып шыққан алым Ә.Пахратдинов болды. Алым {Бердақтың дәстанлық шығармалары}, {Бердақ шайырдың творчествосының жыйналыў, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан} (1990) деген илимий изертлеў жумысларында басқа алымлар тәрепинен жиберилген майда, кишигирим қәтелерди ҳәм айтылмаған тың пикирлерди дәлийллеп шықты. Алымның бул китабының шығыўы Бердақ таныў курсына қосылған үлкен бир үлес болды. Себеби, сол ўақытқа шекем Бердақ таныў курсын қалай ҳәм қандай бағдарда өтиў керек екенлиги ҳаққында бундай илимий жумыслар жоқ еди. Сондай-ақ Бердақтың дәстанлық шығармалары туўралы Савицкий ҳәм басқалар «Хорезм» дәстаны Бердақтики емес, егер Бердақтики болса ол миллетлер арасына сөз салатуғын дөретпе деген қәте көз-қарасына алым жүдә исенимли фактлер менен ҳәм анық дәлийллеўлер менен бул дәстанның Бердаққа тийисли екенлигин ҳәм ҳеш қандай миллетлер арасына иритки салғандай қатарлардың жоқ екенлигин исенимли фактлер менен дәлийлледи.[1]

Мине, бул алымның халық ушын ислеген үлкен хызмети деп тән алыўымызға болады. Сондай-ақ алым бул китабында Бердақтың юмор-сатиралық қосықларына кең түрде тоқтап, оларды да исенимли дәлийллеўлер менен береди. Соның менен бирге, бурын әдебиятшылар, тарийхшылар, философлардың пикирлери менен қоса шайыр ҳаққында жаңа мағлыўматлар береди. Бердақтың шыққан топламларына сын көз-қараста қарап шайырдың шығармаларында текстологиялық кемшиликлердиң жүз берип атырғанлығын айтады. Бердақтың тарийхый шығармалары бойынша тарийхшы М.Тилеўмуратов та изертлеў жумысын жүргизди. Бунда ол Бердақ шайыр шығармаларының тарийхқа байланыслы тәреплерин талқыға тартты.

---

[1] Пахратдинов Ә. «Әмиўдәрья» журналы. 1989, Қ11, 88-90-бетлер.

1974-жылы филология илимлериниң докторы, профессор И.Т.Сағыйтов 1958-жылғы баспада шыққан {Бердақтың творчествосы} атлы китабын көп ғана толықтырыыўлар менен үлкен өзгерис киргизип, {Сахра бүлбили} деген ат пенен қайта шығарды}[1]. Алым бул китабында Бердақ Ғарғабай улының өмирине, оның жасаған әдебий орталығына, шайыршылық талантының келип шығыў себеплерине ҳәм бирқанша шығармаларына кең түрде баҳа берип талқыға тартқан.

Илимпазлар тәрепинен Бердақтың творчествосы бойынша көлемли изертлеўлер жүргизилип барған сайын шайырдың әлўан түрли әжайып сырлары ашылып бара берди.

1950-жыллардың басында Бердақтың өзи ҳәм творчествосы Савицкий тәрепинен пүткиллей қараланып, шайырды суфизмниң ўәкили сол ушын оны үйрениў үлкен зыян деп табады. А.Савицкий. Каракалпакский дневник. Журнал «Звезда Востока», 1953, Қ2, 1954, Қ1/. Бундай топылыслардан Бердақ шайырды қорғап қалыў ушын Н.Дәўқараев табанлы пикир билдиргени менен нәтийжеде қуўдалаўға ушырады. Усы дәўирлерде шайырдың «Хорезм», «Шежире», «Қулен болыс», «Айдос бий» дәстанлары шайырдың таңламалы шығармаларынан ҳәм әдебият тарийхынан алып тасланды.

Гейпара алымлар Савицкийдиң жалған топылысынан кейин «Хорезм» дәстаны Бердақтики емес, шайырдың атына надурыс өтип кеткен деген пикирлерди айтты ҳәм бул дәстанның қайдан шыққанлығына мағлыўмат жыйнады.

Сондай-ақ бул дәстанның авторы Бердақ шайыр емес екенлигин И.Сағыйтов та көрсетти.[2] Мине булардың ҳәммеси жалғаншы Савицкийдиң бир елге салған ылайсаңынан келип шығып отырған қубылыс еди. «Хорезм» поэмасының ҳеш қандай халық ушын зыян емес екенлигин бир қанша алымлар өз илимий изертлеў жумысларында дәлийллеп берди. Олардан А.Муртазаев,[3] Ә.Пахратдинов[4] «Хорезм» дәстанының нағыз авторы Бердақ екенлигин пүткил жәмийетшиликке алып шықты. Солай етип, сонша ўақыттан бери қараланып келинген уллы шығарма, алымлардың күш салыўы менен өз алдына авторын тапты. Бердақ шайыр бойынша көплеген илимий изертлеў жумыслары ҳәм шайыр ҳаққында таласлы-тартыслы пикирлер келип шықты. Бирақ қәйткенде де уллы Бердақ шайырдың шығармаларын халық ҳеш қашан умытпады. Солай етип, Бердақты таныўшылардың (үйрениўшилердиң) саны көбейген сайын Бердақтаныў курсы илимий жақтан қәлиплесе баслады. Бирақ гейпара алымлардың илимий изертлеў жумысларында шайыр ҳаққында толық мағлыўматлар берилмеди. Екинши тәрептен шайырдың гейпара

---

[1] Пахратдинов Ә. Бердақ шайыр творчествосының жыйналыў, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990,65-бет.

[2] Сағыйтов И. Бердақтың творчествосы. Нөкис, ҚҚМБ, 1958,110-113-бетлер.

[3] Муртазаев А. «Хорезм» поэмасын дурыс баҳалайық. «Әмиўдәрья» журналы, Қ11, 1989,90-92-бетлер.

[4] Пахратдинов Ә. Бердақ шайырдың «Хорезм» дәстаны ҳәм оның тарийхый тәғдири ҳаққында. «Әмиўдәрья» журналы, Қ11, 1989.

шығармалары талқыланбады, ал гейпараларын басқа шайырлардың атына өткизип жиберип отырғанлығы байқалады. Гейпара алымлар Бердақтың үлкен, ири шығармаларына ҳәр қыйлы жаман көз-қарастағы пикирлерди билдирди. Бердақтың шығармаларындағы қарама-қарсылықлар, әсиресе, оның «Шежире» ҳәм «Қулен болыс» атлы тарийхый шығармаларында анық көринеди. Бирақ қалай деген менен «Қулен болыс» халыққа қарсы реакцион дөретпе деп көрсетеди И.Сағыйтов.[1]

Әлбетте, бул алымның биле тура жиберген қәтелиги деп емес, ал сол дәўир системасының сиясатынан Бердақты қорғап қалыўдағы тәсили деп қарағанымыз дурысырақ болар деп ойлаймыз. Ал, профессор Ә.Пахратдинов «Қарақалпақ шежиреси» (Нөкис, 1984) атлы изертлеў жумысында бул шығармалардың халыққа қарсы емес екенлигин анық дәлийллеп шықты. Сондай-ақ бурын әдебиятшы алымлар тәрепинен ҳәр қыйлы пикирлер айтылып жүрген «Қулен болыс» шығармасына алым ҳәр тәреплеме талқы жасап, бурын оқыўшы ҳәм журтшылыққа жумбақ болып жүрген тәреплерин ашып берди.[2] Алым әдебиятшылар тәрепинен жүргизилген илимий мийнетлериндеги бул шығарма бойынша жиберилген кемшиликлерин анық дәлийллеўлер менен бере алған.

Солай етип, Бердақтың бир қанша ири дөретпелери алымлардың күш салыўы нәтийжесинде шайырдың оригинал дөретпеси болып тән алынды. «Бердақтың бизге қалдырған мийрасы оғада көп ҳәм үлкен, -деп жазады алым Ә.Пахратдинов бирақ соған қарамастан усы ўақытларға шекем шайыр творчествосының изертлениў, басқа тиллерге аўдарылыў, және де үйренилиў мәселелери, жыйналыў, тағы да басып шығарылыў ҳақыйқатлықлары жөнинде толық гәп еткен илимий мийнет жоқ. әсиресе, шайырдың лирикалары, сатиралары, дәстанлық шығармалары ҳаққында пүтин бир изертлеўлер көринбеди. Тек барлық гәп автордың сайланды дөретпелери ҳаққында болып киятыр»[3].

Мине, алым көплеген әдебиятшы, тарийхшы алымлардың алдына шайырдың дөретпелерин ҳәр қыйлы бағдарда изертлеў зәрүр екенлигин үлкен мәселе етип қойды. Соның менен бирге, өзи шайырдың шайыршылық талантының ашылмай атырған тәреплерин исенимли ҳәм анық фактлер менен дәлийллеўге ериcти.

«Гейпара илимпазлар шайырдың «Маған керек», «Жаз келерме», «Керек», «Тойда» ҳәм тағы басқа қосықларын Күнхожаның атына өткизип жиберген ҳәм Күнхожаның таңламалы шығармалар жыйнағынан орын алған»[4]. Бул қосықлардың шын оригинал ийеси Бердақ екенлигин алым Ә.Пахратдинов жүдә анық исенимли дәлийллеўлер менен берди. Соның нәтийжесинде болса керек, усы бүгинге дейин халқымыз ҳәм илимий

---

[1] Сағыйтов И. Бердақтың творчествосы. Нөкис, ҚҚМБ, 1958, 109-111-бетлер.

[2] Пахратдинов Ә. Бердақ шайыр дөретпелериниң жыйналыў, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 153-158-бетлер.

[3]Пахратдинов Ә. Бердақ шайыр дөретпелериниң жыйналыў, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 175-бет.

[4]Күнхожа. Қосықлар. Нөкис, ҚҚМБ, 1965, 28-бет  Қараң: Б.Исмайыловтың кирис сөзи/.

жәмийетшилик жоқарыдағы қосықлардың Бердақтики екенлигин мойынлап киятыр. Жәнe де алым Бердақ шайырдың бул қосығына қарап емес, оның улыўма творчествосындағы жәмийетшилик руўхый моментлерди өткир сүўретлеўлерине қарап салыстырып изертлеп шайырдың стилине жататуғын дөретпелер екенлигин дәлийлледи. Дәслепки ўақытлары шайыр шығармаларын изертлеўлерде, белгилеўлерде үлкен жаңылыслар болған.

Мәселен, шайырдың бир «Шежире» шығармасы жөнинде, оның жазып алынғанлығы ҳаққында ҳәр қыйлы мағлыўматлар жүрди.

«Н.Дәўқараев, И.А.Беляев, «Шежире»ни 1913-жылы жазып алды»[1], - деп көрсетсе, «И.Сағыйтов та буны сол турысында қайталап 1916-жылы бастырып шығарды деп көрсетеди»[2]. Буны булардан кейинги көп илимпазлар да мақуллаған.

«И.А.Беляев 1903-жылдан кейин қарақалпақлардың арасына келмеген. Себеби, Санкт-Петербург университетиниң профессоры М.И.Мелиоранский 1905-жылы Санкт-Петербургте қайтыс болған. Оннан кейин И.А.Беляев Орта Азияға қарап бундай экспедицияға қайтып шықпаған. Оның қарақалпақлар ҳаққында дағазалап жүрген барлық материаллары сол 1903-жылға шекемги жыйнаған материаллары болған»[3], -депкөрсетеди алым Ә.Пахратдинов. Бул алымның алымлар арасында ҳәм илимий журтшылықтың екилениўшиликте жүрген сөзлерине жуўап бергени деп есапласақ болады. Өйткени, көплеген тарийхый ҳүжжетлерде ҳәм саўатлы алымлардың пикирлерине қарағанда И.А.Беляев 1903-жылдан кейин бизиң елимизге келмеген.

Бунда алым, жоқарыдағы илимпазлардың биле тура жиберген қәтеси деп емес, ал олардың объектив ҳәм субъектив жағдайлардан келип шығып отырған нәрсе екенлигин илимий жақтан ашып берген. Алым Ә.Пахратдинов илимге жан-тәни менен берилип қатнасқанлығы айқын сезилип турады. Булай деўимиздиң себеби, гейпара әдебиятшылар ҳәм оқыўшылар жәмийетшилиги арасында даў, талас-тартыс шешилмей атырған мәселелерге жүдә анық дәлийллер менен жуўап береди. Мәселен, «Бердақтың «Қәдиримди халық билер, Халық билмесе балық билер» деген қатарларына гейпара әдебиятшылар бул қәте, суўдағы балық қәдириңди қаяқтан биледи, оның орнына «барып билер» деп өзгертейик деп шалаўатлап келди. Бул қосыққа тереӊ түсинбегенлигиниң белгиси екенлигин ҳәм бул қатарлардың ҳеш қандай өзгертиўге болмайтуғынлығын алым дәлийллеп шықты. Мине, илимий жәмийетшиликке жумбақ болып жүрген шайыр қатарының мәниси шықты. «Ески түркий тилде «балық» сөзи «мәдениятлы», «билимли», «саўатлы» дегенди аңлатқан. Ал, Бердақ шайыр усы сөзди өз шығармасында актив

---

[1]Дәўқараев Н. Бердақ шайыр. Нөкис, ҚҚМБ, 1950, 7-8-бетлер.

[2]Сағыйтов И. Бердақтың творчествосы. Нөкис, ҚҚМБ, 1958, 8-9-бетлер.

[3]Пахратдинов Ә. Бердақ шайыр дөретпелериниң жыйналыўы, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 53-бет.

қолланған. Оннан кейин Балық деген қала да болған. Араб шығысы еллеринде «Балық» атлы қала ҳәзир де бар»[1]. Улыўма алым Ә.Пахратдинов гейпара алымларда ямаса оқыўшылар жәмийетшилигине түсиниксиз болып жүрген нәрселерге анық фактлер менен жуўап бериўге ериседи.

1930-жылларда Бердақ шайырдың творчествосы ҳаққында азлы-көпли мийнетлер пайда болды. Бирақ булардың көпшилиги дерлик, илимий стильде емес, ал публицистикалық мәниде жазылған мийнетлерден ибарат еди. Бунда тек шайырдың қолда бар шығармалары ҳәм шайырдың өмир баяны туўралы жетерли мағлыўматлар бериў менен шекленди. Биле тура жиберилген қәтелик емес, ал өзимизден шығып отырған жас кадрлардың жүдә азлығынан келип шығып отырған заңлылық деп қарағанымыз дурысырақ болады. Кейин ала педагогикалық институттың ашылыўы өз кадрларымызды жетистириўге айрықша кең жол ашты. Соның себебинен сол ўақыттан баслап тап ҳәзирги күнге дейин Бердақ шайыр творчествосы бойынша жас алымлар да изертлеў жумысларын жүргизди. әлбетте, ҳәр бир истиң қыйыншылығы болғанындай бул илимий жумыслардың да өз алдына машақатлы қыйыншылық жоллары бар.

«Илим - ийне менен қудық қазғандай» деп халқымыз бийкарға айтпаған. Сол есаптан қарағанымызда Бердақ творчествосын изертлеўшилер де өзлериниң барлық билимин, интасын жумсағанлығын көрип отырмыз. Ҳәр кимниң дүньяға көз-қарасының ҳәр қыйлы болып келгениндей, ҳәр бир алымның да өзинше ойлаў пикири, шайыр ҳаққындағы болжаўлары бар.

## ТЕМА` **Бердақ дөретпелериниң 80-90-жыллардағы изертлениў мәселелери**

80-жылларда Бердақ поэзиясы ҳәр тәреплеме изертлеў объектине айналды. 1980-жылы Бердақ шығармалары орыс тилинде «Поэты Каракалпакии», /Изд. «Советский писатель», Ленинград./ деген китапта басылды. Усы жылы Қырғызстанда Фрунзеден «Қырғызстан» баспасынан

[1]Пахратдинов Ә. Бердақ шайырдың «Хорезм» дәстаны ҳәм оның тарийхый тәғдири ҳаққында. «Әмиўдәрья» журналы. 1989, Қ11, 88-89-бетлер.

«Өмир ырлары» деген атамада Бердақ топламы шығарылды. Өзбек тилинде де 1983-жылы Бердақтың «Сайланган асарлар» китабы шығарылды. /Тошкент, Ўзбекстон Компартияси Марказий комитети нашриети/.

1984-жылы А.Пахратдиновтың «Қарақалпақ шежиреси» атлы китапшасы Нөкис мәмлекетлик университети тәрепинен шығарылды. Бунда Бердақтың «Шежире» дәстаны бойынша 80-жылларға шекемги мағлыўматлар бойынша изертлеўлер жүргизеди. «Шежире» ҳаққында жазылған илимий мақалаларға шолыў жасап, өз көз-карасларын билдирип Бердақтың халқының шежиресин жазыўдағы өзиншеллигин анықлайды. «Шежире»деги урыўлар тарийхына ҳәм Шыңғыс хан ҳаққындағы әпсананың қолланыўына өз пикирлерин билдиреди. 1986-жылы Б.Қурбанбаевтың «Бердақ ҳәм өзбек әдебияты» деген монографиялық изертлеўи жарық көрди. Бул мийнет` кирисиў ҳәм үлкен үш бапқа бөлинген. Биринши бап «Өзбек әдебияты ҳәм Бердақ деп аталады». Екинши бап «Өзбек әдебиятында Бердақ традициялары» деп аталады. :шинши бап «Бердақтың шығармалары өзбек тилинде» деп аталып, бунда Бердақ поэзиясының өзбек тилине аўдарылыў мәселелери сөз етиледи. Китаптың ақырында жуўмақ жасалады. Бул мийнет өзбек әдебияттаныў илиминде Х.П.Вахидовтың «Бердақнинг ижтимои-сиесий қарашлари». 1962-жыл шыққан китаптан кейинги ең әҳмийетли Бердақ дөретиўшилигин пүткил өзбек әдебияты, мәдениятына кеңнен таныстыратуғын дөретпе ретинде баҳаланады.

1987-жылы Бердақтың 160 жыллық мерекесине арнап «Бердақ ҳаққында сөз» топламы «Қарақалпақстан» баспасынан шығарылды. Бул китапқа Нөкис қаласында 1977-жыл өткерилген Бердақтың 150 жыллық юбилейине қатнасыўшы Ш.Айтматов, З.Кедрина, В.Паволяев, Г.Сулайманова, А.Орипов, Г.Қайырбеков, Нуры Байрамов, Аббаз Абдулла, Асқар Тоқмағанбетовлардың жақсы ой-пикирлери жиберилген. Және де алымлардың әдебий критикалық мақалалары берилген. Мысалы, Н.Дәўқараевтың «Бердақ», М.Нурмағанбетовтың «Бердақ қарақалпақ халқының уллы шайыры», И.Сағыйтовтың «Шайырлардың данасы», К.Худайбергеновтың «Бердақ қарақалпақ халқының уллы ойшылы», А.Х. Хайтметовтың «Бердақ поэзиясының демократиялық характери», Қ.Мақсетовтың «Бердақ творчествосының үйренилиўи, «Шежире»синиң халықлығы», А.Каримовтың «Бердақ шығармаларының текстологиясы ҳаққындағы мәселеге», А.Муртазаевтың «Классикалық дөретпелердиң авторлығы ҳәм «Ақмақ патшаның жанрлық өзгешелиги ҳаққында», В.Ю.Захидов «Ҳақыйқатлық жыршысы», А.Пахратдиновтың «Шайырдың лирикасындағы шеберлик сырлары», Б.Қурбанбаевтың «Бердақ ҳәм өзбек әдебияты байланысының гейпара мәселелери ҳаққында» атлы мийнетлери шықты